Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7329)
9 август 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## Ришватчилъи тIагIинабизин



Арабанкьалда районалъул администрациялда букIана «Унсоколо район» МОялъул 20I8 соналъул кIиабилеб кварталалъул план гьоркьоб лъураб коррупциялде данде чIеялъул комиссиялъул иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер, комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадов, районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов, райадминистрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, администрациялъул юрист У. Бартыханова, райадминистрациялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ отделалъул нач. А. МухIастанов, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIманов цогидалги отделазул начальникал.

Заседаниялда гьоркьоб лъун хал гьабуна I2 пункт бугеб план. Гьеб ана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь. Районалъул учреждениязда корруп циялъулал хIужаби загьирлъунгутIиялъе гьаризесел тадбиразул бицана районалъул централизированнияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ. Полилазда гьоркьоб ришватчилъи цебетIезе тунгутIиялде буссараб кIалъай гьабуна А. МухIастановас. Лъай кьеялъул организациязда коррупциялде данде хIалтIи гьабиялъул бицана М. ГIабдурахIмановас.

КIалъазе рахъараз бицана ришватчилъиялъул хIужаби тIагIинаризе ккеялъул, гьелде данде чIараб хIалтIи кутаклъизабизе, гьединго социалиял программаби гIумроялде рахъинаризе ккеялъул. КIвар буссинабуна дагIба-рагIиялъул суалал тIураялъул, доходазул, бугоЛъиялъул баянал ракIариялъул суалаздеги.

Гьединго заседаниялда кIалъана росабазул бутIрул. Гьеб суалалда хурхун бакIазда гьабулеб бугеб хIалтIул бицен ккана бюджет ва коммуналиял бакIазда гIадамазухъа бакIарараб гIарац битIун харж гьабиялда хурхунги. Районалъул общественнияб Советалъул пред. М. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун Советалъ гьабулеб бугеб хIалтIуда.

Ахиралда кIалъана ГI. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна: «ГIадамазул гIарзазде, предложениязде кидаго кIвар кьола»,-абун. Хадубги гьес тIадчIей гьабуна хъулухъалъулал ишаздаса мекъи пайда босарал бакIалъулаб самоуправлениялъулгун муниципалиял хIалтIухъаби гIадлуялде цIазе ругин.

Заседаниялда хIисабалде босана территориялда коррупциялда хурхун ракIалда чIеялъул стендал, гIадамаз ришватчилъиялде данде хIалтIи гьабиялъе жанире предложениял рехулел ящикал рукIинаризе. Ахиралда бетIерас иш тIаде кколезе тIадкъаял кьуна.

Коррупция лъугIизабиялъе гьабураб хасаб планалда бихьизабун буго гIадамазда гьоркьоб гьеб нахъегIанаб иш какун бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе, хасго гIолеб гIелалда гьоркьоб гьеб тIибитIунгутIиялъе тадбирал гьаризе.

## Хасалиде хIадурлъиялъул суалгун



7 августалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда букIана ресурсал чIезариялъул киналго организациязул нухмалъулел гIахьаллъараб штабалъул гIатIидаб заседание. Гьенире ахIун рукIана ресурсал чIезариялъул ишал тIадал организациязул, бюджеталъул учреждениязул, компаниязде кколел организациязул нухмалъулел. Балагьиялде босун букIана «20I8-20I9 соназда энергетикиял оборудованиял рукIалиде ккезариялъул, лъим чIезабиялъул суалазда хурхун хасалил заманалде хIадурлъи»-абураб суал.

Заседаниялда гIахьаллъана районалъул бетIер, замал, отделазул начальникал, школазул директорал, ясли-ахазул нухмалъулел ва гь. ц.

ТIоцеве кIалъазе вахъана Р. ХIусейнов. Гьес тIадчIей гьабуна хасалиде хIадурлъиялъе гIарцулал сурсатал ракIариялда. «ГIадамазухъа гIарац бакIарун, коммуналиял хъулухъазухъ кколебги бачIинабун гурони гьеб хIалтIи гIуцIизе захIмат буго. Хисизе ккола автоматал, кабелал, ремонт гьабизе ккола электрическиял щитазе, гIалагьважаялдаса рацIцIад гьаризе ккола рукъзабазда сверухъ бакIал»,-ян бицана гьес.

Р. ХIусейновасул кIалъаялда тIадчIейги гьабулаго А. ГIабдулхаликъовас бицана: «Гьаб анкьалда гьаризе кколел хIалтIабазе гьабизе ккола план, гьел суалал росизе ккола ЖКХялъул ГИСалъул программаялде ва хIалтIаби лъугIизаризе ккола август-сентябрь моцIазда. Гьединго план гьабизе ккола хасалихьлъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъиялъеги. Гьединалго планал гьаризе ккола росабазда ва аслияв суалал росизе ккола гьебго программаялде»,-ян бихьизабуна гьес.

Хадур кIалъана росабазул бутIрул. Жидерго кIалъаязда гьез гIатIидго тIадчIей гьабуна гIумру гьабиялъулгун коммуналияб магIишатазул суалазда: къватIазда канлъи букIинабиялда, лъим чIезабиялда, хасалиде тIурччи-цIул чIезабиялда, объектал хасалиде хIадурлъиялда, къватIал-нухал къачIаялда. Рицана гьел суалазда хурхун росабалъ ругел захIмалъабазулги; цо-цо бакIазда хисизе ккола рогIрал, гIодобегIанаб буго электрическияб сеталъул напряжение.

Хасалиде учреждениял хIадуриялъул, цIияб цIалул соналде гьабулеб хIалтIул бицана лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулез. Гьезул рагIабазда рекъон учреждениязда ремонталъулал хIалтIаби рагIалде рахъунел руго, басриял ругониги котлаби къачIан руго. ГIиси-бикьинал тIурачIел хIалтIаби гьал къоязда рагIалде рахьинаризе руго.

## Коммуналияб магIишаталъулал кумекалъе рачIана



БагIариялда цадахъго гIемерал чвахун цIадалги ралел руго ахираб заманалда. Гьелъул хIасилалда щварал лъараз киса-кирего хьитIал рахьинарун гIемерал захIмалъаби ккезарулел руго росабалъ. Гьал къоязда чвахун цIадаз хвезарун рукIиналъ цо-цо авалазде нух къотIун бугин Унсоколо росулъ, гьеб ишалъулъ жидее кумек гьабеян гIадамал рачIун рукIана ансадерил рахъалда сан райадминистрациялда цебе бугеб рукIа-рахьиналъулгун коммуналияб хъулухъалъул х1алт1ухъабазухъе. Авалалде нух хвезабун бугин гьениве вачIана гьениб гIумро гьабулев М. Гъафуровги. Гьес лъазабуна авалалде нух лъараца иналъ автомашина бачине бегьулеб хIал гьечIин. Гьебго къоялъго коммуналияб магIишаталъул хIалтIухъабаз хехал хIалтIаби гьаруна захIмалъи лъугIизабиялъе.

Авалалъул гIадамаз, хасго М. Гъафуровас ракIракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго лъазабун заман иналде ишалде тIаделъарал ЖКХялъул хIалтIухъабазе,-хехаб хIалтIи гIуцIарав отделалъул начальник А. ГIабдулхаликъовасеги. Гьединаб хехаб ва пайдаяб хIалтIуца власталдехун лъикIаб бербалагьи бижула гIадамазулъ.

Ахихъан

*Районалъул газета*

*№ 33 (7329)*

*9 август 2018 сон*

2 гьумер

**МахIачхъалаялда мусор пайда кьолеблъун гьабиялъул бицен ккана гьал къоязда Болгариялдаса рачIарал инвесторазулгун. Гьеб ишалъе 2,5 га ракьалъул хIажалъулин бихьизабуна гьез. Гьез лъазабуна гъваридаб къачIай гьабизе кIолин 200 азарго тонна мусоралъул. Гьеб гьабулаго инвесторазда ракIалда буго энергетическияб потенциалалдасан пайда босизе.**



•Богьанлъи

# ТIагIамаб кванил устар



**Шамильхъала поселокалъул трассаялъул ахаде щолеб бакIалда буго ГьаракIуни росулъа ХIамзалаева Луизал «ШишиликI» кафе. ТIагIамал цIурачадалги пурщабиги кваназе щолеб бакI хIисабалда райцентралъул учреждениял-организациязда хIалтIулезул гьариялда рекъон гьал къоязда Луизагун дандчIвана ниж.**

ГIемерго кIудияб гьечIеб, цо тIалаялъул минаялъуб бугоан «ШишиликI» кафе. Нижеца нуцIа рагьидал разияб гьимигун данде ячIана Луиза ва щиб бокьилебан? цIехана. –Нижер хIалтIухъаби асир гьаюрай гIадан хIисабалда дургун гара-чIвари гьабизе бокьун буго,-ян абидал намусго нижеда гIодор чIезе бакI бихьизабуна гьелъ. – Дурго богогьанлъиялъул балъголъаби рице,-ян гьаридал гьадин бицана Луизаца:

- ТIоцебесеб иргаялда дица квен гьабула какичуриялда, бацIцIадго, кинабго рахъалъ санитариял тIалабалги цIунун. Продуктаби росула Шамильхъалаялъул анкьил базаралдаса. Масала, гьан босизе вуго цо ккурав, лъикIго лъалев базарган. Гьеб къачIала хъал-цIал гъорлъ течIого, гьанал кванида тIагIам букIиналъе. Масала, цIурачадал-пурщаби гьарулаго кинал рукIаниги ароматизаторал гъорлъ жураларо, гIицIго бацIцIадаб хараб пергун жубараб гьаналъ яги нисдалъ рекъезабула цIам ва цогидалги нилъерго умумазул тIагIамал. Бищунго кIвар кьола жаниб гIезегIанго начинка лъеялде, гьелъ кьола кванис букIине кколеб тIагIамги,-ян.

Луизал эбел-инсул букIана гьалбал хирияб, тIаде-гъоркье рачIунел гIемераб рукъ. Кидаго кваначIого тIаде рачIарал риччалароан эбел-инсуца. Гьедин квен хIадуризе, гьелъие рацIа-ракъалъи букIинабиялде, кIвахIаллъунгутIиялде гьитIинго ругьунлъана Луиза ва жакъа гIадинаб гьабураб гурони батулареб заманалда магIишаталъе санагIатаб пиша цоги батIияб щибха букIинеб?

Базаралъулаб экономикаялъул заманги бугелъул, рокъоб росасда дандбана Луизаца гьитIинаб бугониги бизнес рагьиялъул рахъалъ ботIролъе бачIараб пикру. Ккуна кафеялъе гьеб мина, пикру ккана гIицIго цIурачадал-пурщаби гьарулеб бакI хIисабалда гьеб рагьизе. МагIарул кванил тIагIам бичIчIараз Луизае гIакълу кьуна гьениб цогидалги квенал рукIинаруни лъикIилан. Гьедин ахирияб заманалда кафеялда гьаризе байбихьана къоло щуго батIияб аслиял квенал. Кафеялда рукIуна чурпаби, гьаналъ, нисдалъ хинкIал, тIагIамал гарнирал, пиццаби ва гь. ц. Ахаде ккараб бакI бугониги лъикIго рачIунел ругоан кафеялде гIадамал ва тIагIамаб кванидаса разиго нахъеги унел ругоан. –Хасго цIикIкIарал гIадамал рачIуна рузман къоялъ какдаса хадуб,-ян бицана Луизаца.

Аби буго щияй чIужугIаданалъул букIунин кванида жинди-жиндие хасиятаб тIагIам,-абун. ХIакъикъаталдаги гьеб битIараб буго. Аллагьас нилъее кьурал тIагIамазул, гьезул жидерго хаслъи хвезе течIого гьабизе бажариялъ бачIуна кванида тIагIам. Нижецаги хIалбихьана Луизал цIурачадазул. Дирго пикру бицани, гьел рукIана гьитIинаб заманаялъ дицаго гIемер кванарал гIадал, тIабигIияб тIагIамалъул ва сахлъиялъул деликатес, нилъерго умумазул хаслъи цIунараб тIадегIанаб, цогидал бакIазда такрарлъулареб квен.

Гьале лъабабилеб сон буго «ШишиликI» кафе Шамильхъалаялда хIалтIулеб бугелдаса ва тIагIамаб квен букIунеб бакI хIисабалда машгъурлъун буго гьеб.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Не спешите, шофер!

# Запомните, вас ждут дома!

В марте 2016 года, семейная пара Магомед и Патиматзаграт уроженцы с. Унцукуль попали в дорожно-транспортное происшествие по пути в г. Махачкала, в Буйнакском районе. На встречу им вышла машина, водитель, который заснул за рулем. Он сам признался в последствии в этом. Он не пострадал, отделался сотрясением, а вот Магомед и Патиматзаграт сильно пострадали. В ДТП они сломали ноги. Магомед провел на больничной койке месяц. А жена полгода не вставала, прошла через несколько этапов операций, и даже сейчас, спустя два года ее ждет еще одна операция.

Немало людей в такой ситуации из-за пренебрежения водителями правил дорожного движения, из-за халатности, в результате ДТП гибнут и получают травмы, в основном, молодые люди, а также дети. Один такой случай может переменить жизнь человека совсем в другую сторону, и отнюдь не в лучшую, больницы, реабилитации или к сожалению инвалиды на всю оставшуюся жизнь. Сотрудники ГИБДД поделились с данными, ознакомившись с которыми стоит задуматься каждому из нас.

Так с 2015 года по сегодняшний день, включая полугодие 2018 года, на территории МО «Унцукульский район» зарегистрированных дорожно-транспортных происшествий – 22. Количество погибших в этих ДТП – 6 человек, а раненных – 36. Но смертность на дорогах значительно снизилась. А основными автодорогами Унцукульского района, где регистрируется ДТП является: «Шамилькала – Временный», «Араканская площадка – Унцукуль – Согри мост», и «Буйнакск- Гимры – Чирката».

По данным представителей ГИБДД республики, с начала 2017 года в Дагестане в ДТП погибли 249 человек, что на 40 человек меньше по сравнению с аналогичным периодом прошлого года. Тенденция к снижению смертности на дорогах наблюдается в республике с 2015 года. Но вот пострадавших и количество самих ДТП больше: 1146 – ДТП в 2017 году (АППГ – 1008), 1830 – пострадавшие в 2017 году (АППГ – 1527).

Отвечая на вопрос, почему ДТП больше, но погибших – меньше, сотрудники Госавтоинспекции объясняют это тем, что большинство водителей начали пристегивать ремни и соблюдать ПДД, за счет чего многим удалось сохранить жизнь.

Сотрудники ГИБДД своим примером прививают правильное поведение водителям. По мнению представителей Госавтоинспекции, ДТП становится больше из-за роста автомобилей, а также сезонного наплыва туристов в республику.

Если взять статистику, то за три последних года на дорогах республики погибло более одной тысячи человек. Каждые три года Дагестан теряет по одному населенному пункту. «Прежде всего, в авто происшествиях виноваты сами водители: превышают скорость, не пристегивают ремни безопасности. Не зря же этот ремень называется ремнем безопасности.

Также представители ГИБДД сообщили о том, что больше всего страшных ДТП происходит на участке федеральной автодороги. Бывают даже случаи, когда в жару в колонне автомобилей водители просто теряют сознание и случаются трагедии. И этот фактор необходимо учитывать водителям, выезжая в дальнюю дорогу, если у кого-то из них слабое здоровье или отсутствует в автомобиле кондиционер. Сложной остается также ситуация с детской смертностью.

Самые частые причины дорожно-транспортных происшествий на дорогах Унцукульского района: выезд на полосу встречного движения; превышение скорости; не выполнение дорожных знаков уступить дорогу и др.

О работе своего отделения информацию предоставил начальник ОГИБДД отдела МВД России по Унцукульскому району майор полиции – Рамазан Мусавузов.

За 7 месяцев 2018 года отделением ГИБДД отдела МВД России по Унцукульскому району проделана следующая работа:

За 7 месяцев 2018г. на территории Унцукульского района зарегистрированных ДТП – 3, погиб – 0, ранено – 4, за 7 месяцев 2017г. зарегистрированных ДТП – 4, погиб – 0, ранено –6.

Кроме того, отделением ГИБДД отдела МВД России по Унцукульскому району совместно с другими службами отдела проводится определенная работа по профилактике и предупреждению дорожно-транспортных происшествий и обеспечению безопасности дорожного движения ТС проезжающих по обслуживаемой территории, проверки технического состояния транспортных средств, исполнению административного законодательства, предупреждению преступного посягательства на транспорте, а также защите законных прав и интересов участников дорожного движения.

В целях снижения роста ДТП сотрудниками отделения ГИБДД совместно с другими службами отдела проводятся рейдовые профилактические мероприятия с целью выявления и пресечения грубых нарушений ПДД, допускаемых водителями ТС выезд на полосу встречного движения и управление ТС в нетрезвом состоянии.

Отметим, что отделением ГИБДД отдела МВД России по Унцукульскому району за 7 месяцев текущего года проделана определенная работа по предупреждению дорожно-транспортных происшествий и тяжести их последствий, при этом особое внимание уделено содержанию автомобильных дорог в безопасном состоянии, выявлению грубых нарушений водителями ТС.

**(Окончание на 4 странице)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 33 (7329)
Хамиз
9 август 2018 сон



**ГIелму ккола хIакъикъаталдаги бугеб жоялъул хIакъалъулъ лъай рукIалиде ккезабураб инсанасул ишазул цо бутIа. Гьеб ишалъе данде ракIарун рукIуна рукIалиде ккезарурал хIужаби ва гьел цIидасанги рукIалиде ккезарулелги рукIуна. Гьелъул къучIалда гьабула критикияб анализ, рукIуна гIемерал цIехрехал. ХIалбихьияз, хIужабаз тIабигIаталъулъ ва обществалда чIезарурал гипотезал гьоркьоре уна гIелмуялда.**



Дмитрий Иванович Менделеев

# «ГIелму цебетIезабиялъе гьабураб мунагь кколаро»

Д. И. Менделеев – цIар араб элементазул таблицаялъул автор, А. Блокил вакьад ва гIаракъидул формула гIуцIарав чи хIисабалда лъала дунялалда. БукIана Менделеевасул цоги батIияб гIумроги – гьев кколаан бажари бугев разведчик, шпионажалъул махщелчи гуревги гьайбатал чемоданал ургъарав чиги.

**Хъизаналда анцIила анкьабилеб лъимер**

Д. Менделеев вукIана Тоболалъул гимназиялъул директор Иван Павлович Менделеевасул хъизаналда I7 лъимер. Гимназиялда Менделеев цIалулаан хашго, бокьулароаан латын мацI ва Божий Закон. Петербургалъул аслияб пединститутталда гьев хутIана кIиабилеб соналъ, ай гьоркь. ЗахIматго букIана цIализе, тIоцебесеб курсалда цо математикаялъе хутIизегIан щвана квешал къиматал, гIицIго математикаялъе «удов» бук1ана. Амма тIасиял курсазда иш батIайиса ккана, цо Божий Законалъе букIана лъабил, хутIарал рукIана лъикIал къиматал. Институтги лъугIана меседил медалалда.

Менделеевасе бокьулаан тIухьдул дандразе, гьарулаан портретазе рамкаби, хIадурулаан чемоданал. Москвалда ва Петербургалда гьев лъалаан чемоданазул мастер хIисабалда. «Живго Менделеевасул руго гьал,-ян абулаан гьел ричулел купцабаз. ГIалимчияс лъазаруна киналго синабазул (клей) рецептал ва жинцаго бахъана хасаб синуялъул смес. Гьеб хIадуриялъул балъголъи гьес бицунароаан.

**Менделеев – супершпион**

Феноменалияб ракIалда жо чIеялъ ва математическияб гIакълуялъ, артистлъиялъул махщелалъги гьес лъикIго цебехун нух бахъана. МехтичIого гьекьезе лъаялъги бакътIерхьул улкабазул промышленносталъул балъголъаби лъазарун бажарана гьесухъа.

Нилъер разведкаялъ гьесие нух рагьана хасаб делегациялдаги тун, Менделеевасе ургъана тIоцебесеб гильдиялъул куцец вугев гIадин – чемоданал ричиялъе нухги. Гьединго гьев рикIкIунаан рукIалиде вачIинавизе кIоларев руччабазда хадув лъугьунев чилъун. Гьесул ишазул хIакъалъулъ чIечIого лъазабулаан рагъулал ведомствабаз бакI-бакIазде.

Щибав гIурус бечедав чиясе гIадин Ивановичасе бокьулаан хIалхьиялъейиланги абун промышленносталъул цIиял балъголъабазда хадув лъугьине. Гьедин I880 соналда гIадатияв «мехтарав», мегеж тарав гьалмагъирчи доб заманаялъ цIияб кIкIуй гьечIеб порохалъул производство бугеб Руан шагьаралде уна. Гьеб букIана французазул кутакалда цIунараб, I0 км. сверун карантийнияб зона бугеб завод. Гьенире рачIине гьалбадерие гьукъун букIинчIо, гьелдасан пайда босана Менделеевас. Гьес чIел балагьана маххул нухде гордал ралагьараб вокзалалъул гостиницаялда. Рауналдасан бачIинахъего гьесул гьикъун запрос бачIана Санкт-Петербургалъул посольствалде. Гьенисан жаваб щвана цIар арав гьекъолдухъан ва бабник хIинкъи бугев чи гьечIилан. Гьесие хъулухъ гьабизе таразги лъазабуна гьев номералдаса къватIиве вахъунарин, гьекъон кепалда Парижалдаса рачIарал проституткабигун вукIунин. Чемонданщик тIад вуссана Парижалдаса. Рагъул резиденциялда цеве чIола цебего ралагьун чIараб формулагун. Кин гьесда гьеб кIвараб? Кидаго гьекъаравлъунги вукIун Менделеевас цо минуталъги гьоркьоса къотIизе течIо заводалде бачIунеб составазда хадуб хал кквей. Доб заманалда вагоназда тIад чIахIиял хIарпаз хьван букIунаан гьениб бугеб «Селитра», «Амиак», «Сера», Д. Ивановичас рикIкIунаан гьезул вагонал ва лъазабулаан бугеб къадар. Проституткаби гIадин гьесухъе рачIунаан Россиялъул дипломатазул лъудби, гьел Менделеевас хIалтIизарулаан гIицIго бухьеналъе. Руаналда I0 къойил купгеталъ казнаялде бачIана 3 азарго гъурущ. Хайир абуни бахана I0 млн. меседил гъурущалде.



**8. 2.1834 - 1. 20 1907**

**ГIаракъидул хIакъалъулъ**

Менделевасулин абула бицунагогицин гьесда гьегIизе бачIунеб гIурус гIаркъи гьаби. Гьесул гьекъолди букIана буттербродалде данде гьекъолеб цIи гьабураб къвакIараб чай ва лъабго нухалъ кIалдибе босараб чагъирги. ЦIар рагIараб «Спирги лъимги цадахъ жубазабиялъул» хIакъалъулъ диссертация бук1ана гьесие даим суалал кьолел ругел химиказе жавабалъе гьабураб. «Литр спиртги ва литр лъимги цоцалъ жубазабун лъугьараб лъамалъи дагьлъула. –Щай? –Щайгурелъул,-ян жаваб кьуна Менделеевас, гьелъ лъамалъи гуро нилъее щолеб бугеб, щолеб буго цIияб химиялъулаб соединение – гидрат спирта. КигIан бугеб спирт, гьедигIанго къадаралъ дагьаб бакI ккола гьелъул лъугьараб лъамалъиялъ. Водкаялъул хIакъалъулъ диссертация гьес хъвачIо! 4 % гьекъолеб жо Россиялде бачIана I843 соналда, гьеб мехалъ Менделеевасул букIана гIицIго 9 сон.

ГIицIго цо нухалъ гьекъезе ккана Менделеевас цIикIкIараб къадар гIаракъи, экспериментална гьев гIахьаллъараб мехалъ. ГIелмияб комиссиялъ тIубазабулеб букIана Петербургалда цIаял гIемер ккеялъул. Суал лъун букIана ребром. «ГIемераб гIаракъи гьекъарав чи живго жинцаго вухIизе рес бугищ?» абураб. Россиялъул киналго гьекъолдухъабазе Менделевас жаваб кьуна «гьечIо»,-ян.

**«ГIелмуялъе гIоло бокьараб хIакъирлъи хIехьезе бегьула»**

Периодическияб таблица Менделеевасда макьилъ бихьанилан абулеб жо битIараб бугищ? Гьесул рокъосез бихьизабулеб букIахъе Д. Ивановичасда рихараб букIана гьединаб формулировка. – «ТIадегIанав гурхIаял! Дун 20 соналъ хIалтIана гьеб законалда тIад! Гьезул бихьизабиялда рекъон дун кьижун ккун вуго ва гьадинаб хIасил кьун буго. Гьеб буго рельизе бегьуреб жо. Цойги нухалъ Менделеевас абуна «ГIелмуялъе гIоло гьумер гIодоб чIван хьваданилан».

**(Ахир 4 гьумералда)**

## Извещение о проведении конкурса

«Центр занятости населения в МО «Унцукульский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно-правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест. Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются с 06 августа до 21 августа включительно.

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»).

Требования к претендентам установлены Порядком реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год, утвержденным постановлением Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 и приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

## Уважаемые жители Унцукульского района!

В целях продвижения антикоррупционной деятельности на территории нашего района, предлагаем принять участие в анонимном опросе на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район»- uncukul.ru

Заранее благодарим за активное участие в решении вопроса эффективности антикоррупционной пропаганды.

# Запомните, вас ждут дома!

Руководителям дорожных и коммунальных организаций ответственных за содержание и ремонт дорог и дорожных сооружений РУАД, Унцукульского района, «ДЭП №36», ООО «БУР», ООО «Амирбек» и главам сельских администраций выданы предписания для устранения выявленных нарушений при комплексной проверке содержанию дорог, улиц и дорожных сооружений – 15, составлено административных материалов по ст. 12.34 ч.1 КоАП РФ – 2, по ст. 19.5 ч.27 КоАП РФ – 1.




Проделанная работа отделением ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району по стабилизации обстановки с аварийностью на территории обслуживания: Анализ дорожно-транспортных происшествий на территории обслуживания ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, и по результатам определены аварийно-опасные участки автодорог. На территории обслуживания ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району очагом аварийности является 29км+200м а/д «Буйнакск-Гимры-Чирката».

Составлен план оперативно профилактических мероприятий с учетом анализа ДТП по времени, месту совершения дорожно-транспортных происшествий на территории обслуживания. Выставляются сотрудники ДПС на местах концентрации ДТП автодороги «Буйнакск-Гимры-Чирката» на спуске с протяженностью 7км, с целью выявления грубых нарушений ПДД.

Сотрудники отделения ГИБДД принимают активное участие в КСПМ проводимой на территории Унцукульского района, плановых и внеплановых оперативно профилактических и розыскных мероприятиях проводимых на территории РФ, Республики Дагестан: «Ремень безопасности», «Маршрутка», «Челнок», «Внимание – Дети», «Автокресло детям», «Обгон», «Трактор и мототранспорт» и другие.

Во имя сохранения своей жизни, сохранения жизни и здоровья окружающих призываем водителей быть предельно осторожными, не пренебрегать правилами, соблюдать скоростной режим, быть ответственными перед участниками дорожного движения. Также водителей и пешеходов призываем к взаимоуважению, каждый пусть соблюдает писаные за собой правила и обязательства. Ведь от нашего с вами поведения на дорогах и соблюдения правил на них зависит наша с вами жизнь. И пренебрежение предписанных правил может повлечь за собой тяжелые последствия.

Запомните, вас ждут дома!

# Пенсия цIикIкIине буго

Гьаб соналъул августалдаса нахъе Дагъистаналъул I24687 хIалтIулел пенсионеразе щвезе буго цIикIкIинабураб пенсия. Гьелъие ихтияр буго 20I7 соналда хIалтIи кьолес страховиял взносал кьурал херлъиялда ва гIажизлъиялда хурхун пенсия щолезул. ЦIикIкIинабиялъе перерасчет гьабула щибаб санайил пенсионерас лъазабичIониги. Гьединлъидал хIалтIулел гьечIел пенсионерал пенсионнияб фондалде рачIине кколаро.

ТIадежубай гьабула индивидуалияб къагIидаялъ. Роль хIала взносал рехараб хIалтIул мухьалъул къадаралъ. Максималияб тIадежубайлъун букIуна лъабго пенсионнияб бал, гьеб рикIкIун букIуна 20I7 соналъул пенсиялъул бюджеталъул чIезабураб къадаралдасан, ай 235,74 гъурщидасан. Бюджеталда бугеб страховияб пенсиялъе перерасчёт гьабиялъе Россиялъул Пенсионнияб фондалъ 20I8 соналъе бихьизабун буго I0,7 млрд. гъурущ.

20I7 соналъул августалда Пенсионнияб фондалъ перерасчет гьабуна II,8 млн., 20I6 соналда хIалтIулев вукIарав пенсионерасе. ТIаде жубараб къадар бахунаан I69 гъурущалде.

ХIалтIулел пенсионеразул пенсиязул къадаралъул корректировка гьабула страховиял взносалги хIисабалде росун щибаб соналъ.

ХIалтIулел пенсионеразе инфляцияги хIисабалде босун пенсиялъул индексация гьаби цIорозабун буго 20I6 соналдаса нахъе.

**АхIмад ГIАЛИСУЛТАНОВ.**
**РДялъул ГУ-ОПФРалъул Унсоколо районалда вугев начальник.**

## *Севернияб Кавказалда тIоцебесеб*



Севернияб Кавказалда тIоцебе гIадалзул нахул бидурихьазе къанагIатаб операция гьабуна Дагъистаналъул республикаялъулаб клиническияб больницаялда – специализироанниябгун экстренниаб медицинаялъулаб кумекалъул Централда (РКБ-ЦЕЭМП). ТIубараб Россиялдаго гьединаб операциял гьариялъул рахъалъ гьеб больница буго лъабабилеб бакIалда. ГьанжелъизегIан больницаялда бугеб гIадаб техника Россиялда букIана гIицIго Москвалъул ва Казаналъул кIиго клиникаялда. ГьабсагIаталда больницаялда буго гьанжесеб нейрохирургиялъул бищунго лъикIаб техника.

# «ГIелму цебетIезабиялъе гьабураб мунагь кколаро»

Мисалалъе, I887 соналда бакъ ккураб мехалъ Д. Ивановичасе бокьана гьелда хадуб хал кквезе ракьалдасан гуреб накIкI гьечIеб бакIалдасан. Полициялъул протоколалда хутIана гьадинаб хъвай-хъвагIай: «Господин Менделеевас къуватги бихьизабун жиндирго гьавадул шаралдаса гьоркье рехана пилот Кованько, накIкI гьечIелъуре рахине кIигоясе бакIлъизе бугин»,-абун.

Менделеевасе вагъизе бокьулаан ва бажарулаан. Ригь араб мехалъги жиндирго унтул хIакъалъулъ гьадин хъвана гьес. «Бек-бекулеб буго тIолабго черх, Реченскиялъул тушбабазде данде Тоболалъул кьода нижго рагъараб мехалъ гIадин»,-абун.

**Менделеевасул порох Россиялъ бичун босана американазухъа**

I893 соналда Д. Менделеевас гьабуна кIкIуй гьечIеб порох гьабиялъул производство. Амма доб заманалда Петр Столыпиница нухмалъи гьабулеб правительствалъул гьелъие кьимат кьун бахьинчIо ва гьелдасан пайда босана къватIисеб улкаялда. I9I4 соналда Россиялъ СШАялъухъа босана чанго азарго тонна порохалъул меседихъ. Жалго американзаялъулаз тIад релъанхъун абуна; «гIурусазе кьолеб бугин Менделеевасул порох»,- абун.

**«ТIадегIанасе гIоло бицунге лъица гIарац бачIарабали!»**

I905. I906 ва I907 саназда Д. Менделеев вихьизавун вукIана Нобелевский премиялъе. Амма гьеб гьабуна иностранцаз. Балъгояб гьаркьие лъун Россиялъул Императорлъиялъулаб академиялъ чанго нухалъ нахъчIвана гьесул кандидатура. Менделеев вукIана гIемерал къватIисел хIукуматазул гIелмиял ва гIалимзабазул обществабазул член, амма кинго вахъинчIо гIагараб Россиялъул академиялъул членлъун.

ЦIар рагIарав гIалимчилъун гьев вугеб мехалъ гимназиялде бачIана кIицIулго плата лъай кьеялъухъ. «Бащдаб жиндирго васасухъ ва бащдаб гIарац кьезе рес гьечIел цIализаруралъухъ. ТIадегIанасе гIоло бицунге лъица гIарац бачIарабали»,-ян гьарана гьес гьеб кьоледа.

## Дагъабго гьими

## *Херавги кондукторги*

Автобусалде жаниве вачIуна гIезегIанго херав чи. Салоналда ругезе билетал ричулей йиго ццидалай, ригь арай кондукторша. Билет босула херасги. Заманалдасан остановкаялда автобусалдаса гьоркье рештIуна кIигоял, гьезул букIараб бакIалда гIодов чIола херав.

Сверухъ хиса-баси ккей бихьарай кондукторша нахъеги ячIуна херасухъе.

-Дир яс, дица гIарац кьуна гурищ. ГIицIго доб бакIалдаса гьаниве вахъана дун.

-Уха, яс ятун асда! Щиб нуж киналгойищ дида ракIалда рукIине кколел? Бихье билет.

-Мун щай гьедигIанго ццим бахъун йигей, яцц,-ян кIалъала кIудияв.

-Кинай яцц дун дуе йикIуней,-ян ццидахана нахъеги гьей.

Херас берал гIанчIихула, квераз кIаркьаби данде къала ва ахIун абула.

-Эбел?!,-абун.

Автобусалъур рукIарал гIемер релъанхъиялъ гIодор лъола.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный гербовый печать ГБУ РД «Унцукульское районное ветеринарное управление» с сегодняшнего дня считать недействительным

**ЛЪАЗАБИ**

20I8 соналъул 2 июлалда МухIамадов СагIид МухIамадо вичасул цIаралда № I гьоркьохъеб школалъ кьураб № 005I800I6I494I бугеб гIаммаб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго.

Жакъа кьоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 8. 8. 18 г. 16.20
фактически -16. 45 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.